

FÒM 1.

**FÒM POU PARAN NONMEN  
MOUN K AP PRAN SWEN PITIT  
OU\* POU 30 JOU OSWA MWENS**

**Paran an Ranpli**

Mwen, (*non ou*)

paran (*non pitit ou a*)

chwazi (*non moun k ap bay swen an*)

ki abite nan (*adrès moun k ap bay swen an*)

pou li kapab moun k ap bay swen an moun ki kapab pran desizyon sou edikasyon ak swen sante, tankou konsantman pou swen woutin ak tretman medikal ijan, pou pitit mwen. Sa a bay moun k ap bay swen an tout otorite pou (*nimewo ant 1 a 30*) \_\_\_\_\_ jou ki kòmanse nan dat ki pi ba a epi fini pi bonè si mwen di sa.

Siyen Isit la: \_\_\_\_\_

Dat la: \_\_\_\_\_

\* Fè yon fòm apa pou chak timoun.

Moun k ap okipe pitit la/yo ka montre fòm sa a bay lekòl ak pwofesyonèl swen sante yo. Lekòl ak pwofesyonèl swen sante yo ka fè kopi fòm sa a.

**ASIRE W  
PITIT OU  
GEN BON SWEN EPI  
L AN SEKIRITE**

**SI YO  
ARETE OU,  
RELE YON MOUN  
IMEDYATMAN!**

**SI YO METE OU  
NAN PRIZON,  
FÈ PLAN AK ARANJMAN  
POU PITIT OU!**

**NOME YON MOUN POU  
BAY SWEN**

**PALE AK YON AVOKA SOU  
PLAN OU POU PITIT OU A**

**ASIRE W PITIT OU GEN BON SWEN EPI L AN SEKIRITE**

**AJI SAN PÈDI TAN - RELE YON MOUN!**

Fè aranjman pou jodi a ak pou tout tan ou pa ka pran swen pitit ou. Ou ka bezwen mande yon moun pou li pran swen pitit ou imedyatman ak yon lòt moun pou bay swen pandan pi lontan.

**Nome yon moun pou Bay Swen Touswit**

Si ou se sèl moun k ap okipe pitit ou an, mande lòt paran pitit ou a, yon fanmi oswa yon zanmi pou pran swen pitit ou a epi mete l alekri. Sa bay moun sa a kapasite jiridik pou pran desizyon sou edikasyon ak sante pitit ou a. Gen de (2) fòm ki fini ak feyè sa a ou ka itilize pou nome yon moun pou pran swen pitit ou pou yon ti tan. De (2) fòm yo se pou kantite tan diferan epi yo gen egzijans diferan. Toujou fè yon fòm apa pou chak timoun. Moun k ap bay swen an ka montre fòm ki ranpli a bay lekòl oswa pwofesyonèl swen sante pitit ou epi yo ka fè kopi fòm yo.

**Fòm 1. Fòm pou Paran Nonmen Moun k ap pran Swen Pitit ou pou 30 Jou oswa Mwens**

- Ranpli fòm sa a imedyatman.
- Li fasil pou ou ranpli epi bay moun k ap bay swen an li.

**Fòm 2. Fòm pou Paran Nonmen Moun k ap pran Swen Pitit ou pou 12 Mwa oswa Mwens**

- Ranpli fòm sa a pi vit posib epi anvan aranjman pou 30 jou a fini.
- Ou menm ak moun k ap bay swen an dwe siyen fòm sa a devan yon notè piblik. Nou ka al notarye li ansanm oswa apa. Si nou notarye li apa, oumenm paran an dwe fè notarye li avan.
- Ou ka renouvle aranjman sa a. Ranpli ak notarye nouvo fòm pou chak nan pitit ou yo anvan peryòd 12 mwa an fini.

**Depoze yon Petisyon pou Titèl oswa Lagad sou timoun nan**

Si lòt paran pitit ou a oswa yon lòt moun apwopriye kapab pran swen pitit ou a, li ka depoze yon

**PALE AVÈK YON AVOKA SOU PLAN OU POU PITIT OU.  
MEN KÈK OPSYON**

petisyon nan Tribinal ki Okipe Zafè fanmi an epi ou bay konsantman pou yon chanjman nan lagad la oubyen pou yo nnonmen gadyen an nan yon odyans, epi ou ka kalifye pou yon avoka gratis. Sa bay moun sa a responsablite pou pran swen pitit ou a ak pran desizyon pou li. Ou ka mande yon plan vizit pou ou menm ak pitit ou a.

**Chanje yon Lòd sou Lagad ak Vizit**

Si lòt paran pitit ou a kapab pran swen pitit ou epi se ou sèl ki gen dwa sou li, lòt paran pitit ou a kapab depoze yon petisyon nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi an pou modifye lòd ki te ba ou lagad sou pitit la. Ou bay konsantman pou yon chanjman nan gad legal ki bay lòt paran pitit ou a responsablite pou pran swen pitit ou a ak pran desizyon pou li, epi ou ka kalifye pou jwenn yon avoka gratis. Ou ka mande yon plan vizit pou ou menm ak pitit ou a.

**Plasman Volontè nan yon Fwaye Dakèy**

Si lòt paran pitit ou a pa kapab pran swen pou pitit ou epi ou pa gen yon lòt moun apwopriye ki ka pran swen pitit ou a, ou ka rele 211 (ki disponib nan pifò Konte) oswa kontakte depatman sèvis sosyal Konte nan zòn ou an (Administrasyon pou Sèvis Timoun nan Vil Nouyòk) depatman sèvis prevantif dirèkteman epi mande pou mete pitit ou nan yon fanmi dakèy. Si depatman an dakò, ou dwe siyen yon akò plasman volontè ki pèmèt yo mete pitit ou a nan yon fanmi dakèy pou yon ti tan. Ou ka mande yon plan vizit pou ou menm ak pitit ou a.

## FÒM 2. FÒM POU PARAN NONMEN MOUN K AP PRAN SWEN PITIT OU POU 12 MWA OSWA MWENS

### Pou paran an ranpli (Ranpli yon fòm apa pou chak timoun)

Mwen, (*non ou*) \_\_\_\_\_, paran (*non pitit ou a*) \_\_\_\_\_, dat nesans (*dat pitit ou fèt la*) \_\_\_\_\_, chwazi (*non moun pou pran swen timoun nan*) \_\_\_\_\_ kòm moun k ap pran swen timoun nan ak moun ki ka pran desizyon sou edikasyon ak swen sante, tankou konsantman pou swne woutin ak tretman medikal ijan, pou pitit mwen an. Sa a bay moun k ap bay swen an tout otorite pou pran desizyon sou edikasyon ak sante pitit mwen (*kòmanse dat*) \_\_\_\_\_ pou (*dat limit*) \_\_\_\_\_ sof si mwen di yon lòt bagay. Nimewo telefòn moun k ap bay swen an se \_\_\_\_\_. Adrès moun k ap bay swen an se \_\_\_\_\_ Lè m te ale nan prizon, adrès lakay mwen te \_\_\_\_\_ Men ki kote mwen ta \_\_\_\_\_ dwe ye (*non prizon an*) \_\_\_\_\_ epi yo pa ka kontakte dirèkteman nan telefòn. Nimewo idantifikasyon depatman mwen an oswa nimewo rejis ak nimewo dosye a se (*nimewo ou oswa kite vid si ou pa konnen li*) \_\_\_\_\_. Pa gen okenn lòd tribinal ann efè ki te ka anpeche mwen fè nominasyon sa a.

Siyen Isit la: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

#### Pou notè a ranpli

ETA NEW YORK  
KONTE \_\_\_\_\_ ss.:

Nan \_\_\_\_\_ jou mwa \_\_\_\_\_, 20 \_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_ te prezante devan mwen pèsònèlman, li se moun mwen konnen ki dekrè a epi ki te siyen dokiman jiridik ki endike anwo a, epi moun sa rekonèt menm bagay la tou.

Notè Piblik

### Pou Moun k ap bay swen an Ranpli

Mwen, (*non ou*) \_\_\_\_\_, bay konsantman pou asime responsablite ak devwa yon moun k ap bay swen nonmen (moun ki nan yon relasyon paran) ak timoun sa a.

Siyen Isit la: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

#### Pou notè a ranpli

ETA NEW YORK  
KONTE \_\_\_\_\_ ss.:

Nan \_\_\_\_\_ jou mwa \_\_\_\_\_, 20 \_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_ te prezante devan mwen pèsònèlman, li se moun mwen konnen ki dekrè a epi ki te siyen dokiman jiridik ki endike anwo a, epi moun sa rekonèt menm bagay la tou.

Notè Piblik

## DI GADRI PITIT OU A SOU KOTE SA YO KOTE OUMENM, TIMOUN OU YO AK MOUN K AP PRAN SWEN YO KAPAB JWENN ÈD

### LIFT

Sitwèb: [www.LIFTonline.org](http://www.LIFTonline.org)  
Liy Dirèk Eta a: 212-343-1122 (aksepte apèl kolèk nan men paran ki nan prizon yo)  
Voye yon imèl sou sit la: [www.LIFTthotline.org](http://www.LIFTthotline.org)  
Kalite sèvis yo gen ladan:

- Enfòmasyon jiridik sou Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi ak lwa fanmi
- Referans nan sèvis sosyal ak jiridik
- Resevwa sèvis travay jiridik ak sosyal nan Sant Jiridik pou Fanmi
- Gid Resous jiridik nan Plizyè Lang

### Sèvis Legal prizon yo nan New York:

#### Inite Zafè Fanmi

Telefòn: 518-438-8046  
Adrès: 41 State St, Suite M112  
Albany, NY 12207

#### Kalite sèvis yo gen ladan:

- Ede paran ki nan prizon ki te kondane nan Konte Albany, Bronx, Erie, Kings, Nassau, New York, Queens oswa Richmond (oswa ki gen timoun k ap viv nan konte sa yo)
- Kenbe lyen famiyal pandan prizon epi ede avèk lòd sipò timoun

### NYS Kinship Navigator

Sitwèb: [www.nysnavigator.org](http://www.nysnavigator.org)

Telefòn gratis: 877-454-6463  
Imèl: [navigator@nysnavigator.org](mailto:navigator@nysnavigator.org)  
Kalite sèvis yo gen ladan:

- Aprann sou èd chak Konte yo menm
- Pale ak yon Espesyalis Kinship
- Aksè fèy enfòmasyon jiridik
- Referans bay ajans ak pwofesyonèl

### Osborne Asosyasyon

Sitwèb: [www.osborneny.org](http://www.osborneny.org)  
Sant Resous Fanmi: 800-344-3314  
Telefòn: 718-637-6560

Imèl: [info@osborneny.org](mailto:info@osborneny.org)  
Kalite sèvis yo gen ladan:

- Reprèzantasyon nan tribinal, tretman pou dwòg, travay ak sèvis fanmi
- Vizite asistans ak konsèy

### Women's Prison Association

Sitwèb: [www.wpaonline.org](http://www.wpaonline.org)  
Telefòn: 646-292-7740

#### Kalite sèvis yo gen ladan:

- Jwenn asistans dirèk pou jistis pou fanm ki gen pwoblèm ak lajistis

## EPI TOU, PALE AK MOUN K AP PRAN SWEN PITIT OU A SOU RESOUS SA YO

### Èd finansye pou pitit ou

Moun k ap bay pitit ou a swen an kapab aplike pou Asistans Tanporè (souvan yo rele sibvansyon pou timoun sèlman) ki bay asistans lajan kach chak mwa pou yo itilize pou swen timoun ou an. Asistans sa a baze sou revni ak resous pitit ou, pa revni moun k ap pran swen li li pa paran li yo. Moun k ap pran swen yo kapab aplike tou pou Koupon pou achte manje, Medicaid, asistans pou swen timoun oswa lòt sèvis pou pitit ou a. Pou plis enfòmasyon ak yon dosye pou aplikasyon, moun k ap bay swen an ka rele 211 (ki disponib nan pifò konte yo) oswa ale nan depatman sèvis sosyal lokal la (HRA nan Vil New York).

### Gid pou moun k ap bay swen

Gid Eta New York pou fanmi k ap okipe timoun yo, *Gen yon vwa ak on chwa*, diskite plizyè chwa ki disponib pou moun k ap bay swen yo. Sou Entènèt nan <https://ocfs.ny.gov/main/publications/Pub5080.pdf>.

### Resous pou pitit ou

Biwo Eta New York pou Sèvis Timoun ak Fanmi bay plizyè resous ki disponib pou granmoun ak timoun pou ede yo nan moman difisil sa a. Sou Entènèt nan [https://ocfs.ny.gov/main/incarcerated\\_parents/default.asp](https://ocfs.ny.gov/main/incarcerated_parents/default.asp).

**Feyè sa a pa ta dwe ranplase pale ak yon avoka sou pwoblèm sa yo. Nou ankouraje tout moun ki gen zafè pou l regle nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi oswa Tribinal Kriminèl pou pale avèk yon avoka.**